**दिन—शनिवार** **दिनांक—06.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

एनडीएक घटक दल लोक जनशक्ति पार्टी—रामविलास बिहार विधान परिषदक एक सीट लेल उम्मीदवारक नामक घोषणा कयलक अछि। पार्टीक कार्यवाहक प्रदेश अध्यक्ष अशरफ अंसारी उम्मीदवार बनाओल गेल छथि। काल्हि भाजपा चारि आ जदयू चारि उम्मीदवारक नामक सूची जारी कएने छल। उल्लेखनीय अछि जे बिहार विधान परिषदक नओ सीटक लेल द्विवार्षिक चुनाव, जखनकि एक सीट लेल उप—चुनाव भऽ रहल अछि।

---

दिल्लीक राउज एवेन्यू अदालत मुजफ्फरपुरक साहिबगंज सँ भाजपा विधायक राजू कुमार सिंह के गैर इरादतन हत्या आ आर्म्स एक्टक मामिला मे दोषी करार दैत हुनका हिरासत मे लेबाक आदेश देलक अछि। कोर्ट एहि मामिला मे हुनक पत्नी रेणु सिंह समेत आन आरोपी के बरी कऽ देलक। ई मामिला एकतीस दिसम्बर वर्ष दू हजार अठारह के दिल्लीक फतेहपुरबेरी स्थित एकटा फार्म हाउस मे न्यू ईयर पार्टी मे भेल फायरिंग सँ संबंधित अछि। पार्टी मे हर्ष फायरिंग भेला सँ बाद डॉक्टर अर्चना गुप्ताक माथ मे गोली लागल छल। इलाजक क्रम मे हुनक मृत्यु भऽ गेल छलनि। फायरिंग करबाक आरोप राजू कुमार सिंह पर लागल छल।

---

बिहारक वैभव सूर्यवंशी के भारतीय सीनियर टी—ट्वेंटी क्रिकेट टीम मे सम्मिलित कयल गेल छनि। एहि सँ वैभव मिथिलाक संग—संग संपूर्ण बिहारक नाम रौशन कयलनि अछि। वैभव भारतीय टीम मे चुनल गेल सभ सँ कम उमिरक क्रिकेटर बनि गेल छथि। ओ पंद्रह बरख एकहत्तरि दिनक उमिर मे भारतीय टीम मे जगह बनौलनि। वैभव जून—जुलाई मे आयरलैंड आ इंग्लैंडक विरूद्ध होबयवला टी—ट्वेंटी सीरीजक संग—संग एशियन गेम्सक वास्ते सेहो चुनल गेल छथि। विदित अछि जे, वैभव सूर्यवंशी समस्तीपुर जिलाक ताजपुरक रहनिहार

छथि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी वैभव सूर्यवंशी के भारतीय टीम मे सम्मिलित भेला पर बधाई दैत हुनक उज्ज्वल भविष्यक कामना कयलनि अछि।

———————————————————————————

दोसर दिस, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी राष्ट्रमंडल यूथ चेस चैंपियनशिप अंडर–एट्टीनक विजेता रेयान मोहम्मद के बाईस लाख पचास हजार टाकाक प्रोत्साहन राशि प्रदान कयलनि। श्री चौधरी रेयान मोहम्मदक उज्ज्वल भविष्यक शुभकामना सेहो देलनि।

———————————————————————————

एहि मध्य, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे राज्य मे खेलाड़ी लोकनि लेल मेडल लाओ नौकरी पाओ योजना के प्रोत्साहित कयल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री आई पटना स्थित लोक सेवक आवास मे खेल विभागक एक उच्च स्तरीय बैसार मे ई बात कहलनि। मुख्यमंत्री राजगीर मे निर्माणाधीन अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट स्टेडियम के इएह वर्षक अंत धरि पूरा करबाक निर्देश दैत आनों योजना के शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————————

एक भारत श्रेष्ठ भारत अभियानक अंतर्गत युवा संगमक छठम् चरण मे राज्यक विभिन्न जिला सँ चुनल गेल पचास छात्र–छात्रा के पंजाबक शैक्षणिक आ सांस्कृतिक भ्रमण लेल विदा कयल गेल। आईआईटी, पटना मे आयोजित फ्लैग ऑफ समारोह मे गन्ना उद्योग मंत्री संजय कुमार छात्र सभ के विदा कयलनि।

———————————————————————————

केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई अंक सत्यापन आ पुनर्मूल्यांकनक लेल आवेदन जमा करबाक अंतिम तिथि बढ़ाकऽ सात जून कऽ देलक अछि। एहि सँ पूर्व आवेदन जमा करबाक अंतिम तिथि छओ जून निर्धारित छल।

———————————————————————————

प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे बीतल बेस राति आंशिक सँ मध्यम स्तरक बरखा भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार दरभंगा, मधुबनी, पटना, समस्तीपुर, सुपौल, अररिया, भागलपुर आ कटिहार समेत अठारह जिला मे बरखा भेल। बरखा हेबा सँ लोक सभ के भीषण गर्मी सँ राहत भेटल अछि। मुंगेर सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे जिलाक लड़ैयाटांड़ थाना क्षेत्रक जतकुटिया गाम मे ठनकाक चपेट मे अयला सँ एक व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेलनि। एहि मध्य, मौसम विभाग आइ प्रदेशक **दक्षिणी** आ उत्तर–पूर्वी क्षेत्रक किछु स्थान पर भारी बरखा हेबाक चेतावनी देलक अछि। एहि क्रम मे ठनका खसबाक अलर्ट सेहो जारी कयल गेल अछि।

---

बेगूसराय जिलाक सिमरिया गंगा घाट पर स्नान करबाक क्रम मे डूबला सँ एकहि परिवारक दू महिलाक मृत्यु भऽ गेलनि। दुनू दरभंगा जिलाक रहनिहार छलीह।

---

सेन्ट्रल बैंक ऑफ इंडिया द्वारा देशभरि मे लगाओल गेल मेगा कृषि ऋण आउटरीच कैंप मे मधुबनी जिला मे दू सय सँ बेसी लाभुकक मध्य दस करोड़ सँ बेसी ऋण राशिक स्वीकृति आ संवितरण कयल गेल।

---

समाप्त भेल